

Septanm 2018

Chè Paran/Responsab,

Nou kontan anpil oumenm ak pitit ou a vin patisipe nan pwogram pre-K nou an ane lekòl sa a. Pwofesè pitit ou a ak administratè yo pral ede li avèk leson enteresan ki kote l ap patisipe, pou ba li fondasyon li bezwen pou kindergarten ak pou li ka aprann pandan tout vil li. Pami efò n ap fè yo, n ap suiv pwogrè pitit ou a nan yon seri aptitud akademik ak sosyal ansanm avèk devlopman langaj pandan tout ane lekòl la.

Nan kòmansman ane a, pwogram yo evalye timoun pou wè si yo pa gen bezwen pou devlopman ak pou enstriksyon, jan règleman eta Nouyòk pou Pre-k inivèsèl la mande li. Pwofesè pitit ou a pral evalye li avèk pwogram Early Inventory Screening–Revised (ESI-R®), oswa yon lòt pwogram evalyasyon devlopman ki menm avèk li, nan espas 45 jou apre li fin enskri a.

Evalyasyon an ap ede pwofesè pitit ou gen plis enfòmasyon sou divès aspè bezwen pitit ou a pou devlopman ak enstriksyon. Evalyasyon sa a pa detèmine si pitit pre pou kindergarten. Se pa yon tès IQ ni li pa gen pou wè avèk admisyon nan pwogram douwe Gifted & Talented. Pwofesè pitit ou a ap pataje avèk ou rezilta evalyasyon sa a.

N ap mande w tou pou ranpli Kesyonè paran ke pwofesè pitit ou a ap ba ou a epi voye li tounen.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte pwofesè pitit ou a oswa biwo nou nan earlychildhood@schools.nyc.gov.

Pou plis enfòmasyon sou resous Early Childhood tanpri ale sou sitwèb nou a <https://www.schools.nyc.gov/school-life/learning/grade-by-grade/early-childhood-learning>

Avèk senserite,



Josh Wallack

Chanselye adjwen pou edikasyon pou debitan (Early Childhood Education) ak pou enskrisyon elèv

